



Pou Piblikasyon Imedya: 15/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LANSMAN SANT DAKÈY KI KOUTE 46 MILYON DOLA A NAN PAK ETA NIAGARA FALLS

Nouvo etablisman 28,000 pye kare a ap ouvri nan sezon prentan 2023

Reprezantasyon grafik lan disponib [isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a demaraj konstriksyon yon nouvo sant vizitè modèn 46 milyon dola nan Pak Eta Niagara Falls. Nouvo etablisman an ap yon pòtay pou avanti sou tout Koridò Rivyè Niagara a, k ap amelyore eksperyans vizitè a anpil, konplete nati a, epi ogmante longè vizit nan pak la nan toule kat sezon yo. Sant ki fèk konstui a ap akeyi nouvo touris ak touris ki retounen, amelyore konsyantizasyon sou lwazi rejyonal ak òf kiltirèl yo.

"Niagara Falls se yon mèvèy mond inik Lwès New York la epi bote enpresyonan li te konsève ak Pak Eta Niagara Falls la, pak eta ki pi ansyen nan peyi Etazini," **Gouvènè Kathy Hochul te deklare.** "Nouvo Sant Dakèy sa [apiye travay nou pouafiche tout jwajo istorik ke Eta New York gen pou ofri, k ap atire vizitè toupatou nan mond lan epi ranfòse ekonomi touris nou an.](#)"

Nouvo sant pou vizitè 28,000-pye kare a ap ouvri yon koneksyon pyeton ki pi transparan ant Chit yo ak distri biznis anba lavil yo ki kòmanse ak finisyon Plaza Akèy la ane pase a. Demolisyon ansyen sant vizitè orijinal ki gen 35 lane a ap kreye plis panorama ki ouvè sou Chit Ameriken an. Etablisman an ap genyen ladan l nouvo biwo tikè ak enfòmasyon, espas mize entèpretasyon ki enkli yon eksperyans ke ou ka plonje ladan l epi prezante yon divèsite sijè ki enkli istwa natirèl, endistriyèl ak Endijèn Ameriken, ki bay enfòmasyon pou vizitè yo sou opòtinite inik pou rejyon an; nouvo espas konsesyon, twalèt ak espas sipò ki asosye.

Etablisman an glas, asye ak beton an te desine pou konplete lanati a epi li genyen yon twati an pano solè, eleman twati vèt ak yon batiman twalèt separe. Enstalasyon ki amelyore nan sit la genyen nouvo pakou ki aksesib; plant; ekspozisyon anplennè, ak eleman entèpretasyon ak eleman ki endike wout. Plis pase 100 nouvo pye bwa ap plante pou ranplase sa yo retire pandan konstriksyon an. Bilding administrasyon rejyonal 7,000 pye kare ki egziste a ki akote etablisman an ap adapte pou enkl yon sal kominotè ki gen plizyè izaj, achiv rejyonal, ak biwo pou anplwaye entèpretatif rejyonal Niagara yo.

R.P. Yo te deziyen Oakhill kòm kontraktè pou pwojè a ki te prevwa pou kòmanse touswit epi fini pou Jounen Memoryal la an 2023. G.W.W.O ayon lidè nasyonal nan devlopman sant vizitè se achitèk la epi Haley Sharpe Design ap desine ekspozisyon entèpretatif andedan yo. Sant lan ap ouvri nan sezon prentan 2023.

Òganizasyon san bi likratif Ralph C. Wilson, Jr. Foundation, ki te kreye apre lanmò Wilson an 2014, ansyen pwopriyetè Buffalo Bills ak ko-fondatè Lig Foutbòl Ameriken an, ap kontribye 8 milyon dola pou pwojè a. Fondasyon Wilson lan kontinye eritaj remakab Ralph Wilson lan pou sipò touris, pak, ak lwazi anplwnnè, devlopman santye, ak relans kominote nan Lwès New York.

Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare, "Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul, pou sipò kontini li pou tout Pak Eta nou yo ansanm ak Fondasyon Wilson pou angajman yo nan pwojè sa. Mwen tèlman kontan n ap genyen yon etablisman modèn pou pataje istwa espesyal ak listwa remakab Niagara Falls la, epi mwen ankouraje vizitè yo eksplòre tout atraksyon yo jwenn nan vil Niagara Falls ak nan tout rejyon an."

Direktè Egzekitif ak PDG, Ralph C. Wilson, Jr. Foundation, David O. Egner te deklare, "Nivo detay enkwayab epi ki byen panse nan Sant Dakèy yo reimajine a ap kontribye anpil pou amelyore epi ranfòse touris ak ekonomi lwazi anplennè Niagara. Atravè sipò Fondasyon an, nou fyè pou ede akselere epi avanse konstriksyon pwojè istorik sa sou tout Pakou Vèt Rivyè Niagara a."

Manm Kongrè Brian Higgins te deklare, "Niagara Falls se yon destinasyon panoramik nan Lwès New York ki atire plizyè milyon moun toupatou nan mond lan chak ane," Manm kongrè Brian Higgins te deklare. "Konstriksyon yon nouvo sant vizitè etabli yon pwèn antre modèn pou vizitè yo ki konekte peyizaj natirèl pak la pi byen epi rakonte istwa pase ak prezan Niagara Falls."

Senatè Rob Ortt te deklare, "Kreyasyon nouvo sant dakèy sa ap pèmèt vizitè yo eksplòre tout istwa ak eksperyans ke bèl pak ta nou an genyen pou ofri pandan l ap fè finisyon Plaza Akèy lane pase a avanse. Efò kontini pou ogmante koneksyon ant pak eta nou an ak anba lavil Niagara Falls ap sèvi sèlman pou benefisye alafwa antite ak rezidan k ap dirije magazen ak restoran nan distri biznis vil nou an. Mwen felisite angajman kontini Eta New York paske li rann mèvèy natirèl ke nou gen chans pou genyen ki sitiye nan lakou nou an, pi bèl epi pi enklizif pou vizitè yo."

Manm Asanble Angelo Morinello te deklare, Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou konsantrasyon kontini li pou asire ke Pak Eta Niagara Falls rete yon destinasyon klas mondyal. Nouvo sant lan ap ede plizyè milyon vizitè pou pa sèlman aprann epi konprann listwa rejyon an, siyifikasyon Chit sèlman, men pou direje yo tou nan distri komèsyal anba lavil la. Sa ki ajoute a ap ranfòse vizyon "Pak nan yon Vil" epi retire tout baryè ant Pak la ak Vil la."

Majistra Vil Niagara Falls Robert Restaino, "Nou apresye amelyorasyon kontini nan Pak Eta Niagara Falls nou an," li te deklare "Nouvo Sant Dakèy la p ap sèlman

amelyore eksperyans inisyal vizitè a, men li pwomèt tou pou ranfòse li lè l eksplòre sa Niagara Falls te kontribye nan kwasans Lwès New York. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman kontini li ak Vil nou an ak rejyon nou an."

John Percy, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral nan Destination Niagara USA te deklare, "Envestisman ki te fèt pou amelyore Pak Eta Niagara Falls la pandan ane ki pase yo te tousempleman ekstraòdinè. Yon nouvo etablisman modèn k ap bay vizitè yo aksè pandan tout ane a nan yon eksperyans siperyè ki tèlman nesèsè epi yon bagay ki ajoute ke yo t ap tann nan pak la. Mwen felisite Pak Eta New York yo paske yo devlope yon etablisman ki rakonte istwa rejyon nou an ak istwa rich li k ap ankouraje vizitè yo eksplòre tout destinasyon nou an."

Pwojè sa ap konplete revitalizasyon 150 milyon dola peyizaj Pak Eta Niagara Falls la. Lanse an 2011, plan revitalizasyon Pak Eta Niagara Falls la te yon angajman sou plizyè ane pou renove pak la nan yon fason ki pi byen reflekte vizyon Frederick Law Olmsted, moun selèb ki te konsevwa pak la, te genyen pou peyizaj li. Plan an te renove zòn vizyèl majè pak lan yo ki gen pami yo Luna Island, Prospect Point, Lower Grove, Three Sisters Islands, North Shoreline Trail, Luna Bridge, ak Terrapin Point ak nouvo twotwa pou pyeton yo, peyizaj ki ranfòse, nouvo ban yo, poto limyè ak balistrad yo. Paviyon entèaktif Kavèndèvan (Cave of the Winds) an, ki mete aksan sou istwa natirèl ak kiltirèl Niagara Falls la, te ouvri an 2017.

Pak Eta Niagara Falls ki te kreye an 1885, se pak leta ki pi ansyen nan peyi a, ki atire plis pase 9 milyon vizitè chak ane.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418